

Pati Politik MANMAN

Mobilizasyon Ayisyen Natif Natal pou
Manbre Avansman Nasional

Ideoloji MANMAN:

Sant Dwat ak yon Opsyon Demokratik.

Koulè drapo Manman:

BLE WAYAL AK SENBÒL LI NAN
MITAN DRAPO A.

Objektif :

Pati politik MANMAN se reyalize anpil gwo pwojè dirab pou mete Ayiti sou chemen devlopman an.

Pou rive fè wonble sa, MANMAN te mete kanpe yon rezo enpòtan pou jwen kolaborasyon anpil konpatriyòt ayisen, ki te aksepte pozitivman pou bay konesans yo san diskriminasyon fanm kou gason kèlkeswa, klas sosyal, nivo edikasyon, ak kwayans espirityèl oswa relije.

Anplis de sa, pati politik MANMAN kwè nan lòd ki ka amelyore bon gouvènans nan peyi a.

Pati politik MANMAN kwè nan travay san pran souf ak tout manm li yo, kèlkeswa kote yo rete yo detèmine nan dyalok nan tèt ansanm pou yo adopte pi bon fason pou deplwaye pibon resous, avèk tout efikasite pou yon chanjman total.

Nan kontèks sa a, MANMAN konplètman angaje nan fè pwomosyon fyète nasyonal, kap travay ak kouraj pou retabli lapè ak sekirite nan tout teritwa a.

Amelyore sèvis de baz yo ki se esansyèl pou gouvènman an, pran responsablité l poul diminye mizè, jwen solisyon Fatra kap simen maladi nan popilasyon an, garanti sekirite sosyal, medikal popilasyon an diminye grangou ak sitiasyon ekonomik ki paralize peyi an.

Difèt ke Manman se yon pati politik sant dwat ak opsyon demokratik, plan MANMAN poul koumanse travay li, se kontribye lajman nan bon gouvènans pou realizasyon pwoteje l nan otomni l. Anplis de sa, MANMAN gen entansyon batay pou:

- Kreyasyon yon novo konstitisyon.
- Apran ak oblige tout sitwayen respkte Konstitisyon an ak lwa nasyonal yo.
- Respè pou libète endividiyèl ak kolektif ansanm ak dwa fondamantal tout moun, jan la lwa preskri sa.
- Kenbe ak ranfòse lwa ki pa gen diskriminasyon.
- Ajoute nan kalandriye peyi a tout fèt tradisyonel ak fèt chanpèt yo.
- Reyalisasyon yon kolèj pou Atis nan tout disiplin.
- Realisasyon sal spektak nan tout gran vil province yo ak nan kapital lan.
- Rekonèt jou 14 Dawou kòm yon jou konje an respè pou zansèt nou yo ki te aksepte mouri pou la libète.
- Reyalizasyon PROJET "MONIMAN 21 NANCHON " SOU TÈ BWAKAYIMAN (Biya kay an Ima) " ti kwen kote nou kon rankontre a",
- Aksèptasyon yon Tenm postal ak penti Bwakayiman nan koleksyon Nasional biwo postal Ayiti.
- Deklare 4 Desanm yon jou konje an rekonesans a pèp Taino, Arawak, Carayib e latriye ki te viv sou tè Dayiti anvan nou.
- Amelyorasyon nan sistèm jistis sosyal la pou ke tout jijman nan tribunal fèt an kreyol pou pèp lan konpran ak konen lè yo kondanel devan la jistis.
- Refòm nan sistèm edikasyon an pou ke lekòl nou yo itilize kreyol kòm lang ofisyel.
- Kreyasyon anpil sant fòmasyon pwofesyonèl.
- Yon program fòmasyon pou fanm saj yo pou yon pibon kondisyon akouchman fanm yo.
- Enpòtans bon sitwayèntè ki pèmèt nou respekte demokrasi ak pouvwa.
- Restorasyon ak antretyen lòd nan administrasyon publik yo pou rann yo pi efikas.
- Amelyorasyon nan pwogram asistans sosyal espesyalman konsènan timoun abandone yo, moun ki andikape ak granmoun aje yo ki san resous, san revni, oswa san sipò fanmi.
- Amelyore sèvis sante Leta bay la, ak asirans medikal.
- Restriktirasyon ak metòd jesyon ak dechè.
- Pwoteksyon anviwònman an atravè divès pwojè rebwazman, kontwòl polisyon, pwoteksyon rivyè, forè, fon, flòr ak ekosistèm maritim lan.
- Etabli yon plan reyèl pou rekonstriksyon peyi a anplis de entretyen wout ak enfrastrikti ki byen fèt yo.
- Relanse prodiksyon agrikòl Nasional la, epi kòmanse eksplwate kèk nan resous natirèl nou yo.

Pati Politik MANMAN
Mobilizasyon Ayisyen Natif Natal pou
Manbre Avansman Nasyonal

Koòdonatè

Monax Brutus (Koòd. Jeneral)

Koòdonatè

Monax Brutus (Koòd. Jeneral)

Sid:

-
-
-
-
-
-
-

Nò:

-
-
-
-
-
-

**Dirijan Ekzekitif
Pati Politik MANMAN**

Castel Demesmin - Prezidan
Gérard Eveillard - Vis Prezidan
Catinat Pierre Paul - Sekretè Jeneral

Sidès:

-
-
-
-
-
-
-

Nòdes:

-
-
-
-
-
-

Grandans:

-
-
-
-
-
-
-

Nòdwès:

-
-
-
-
-
-

Nip:

-
-
-
-
-
-
-

Lwès:

-
-
-
-
-
-

Sant:

-
-
-
-
-
-
-

Latibonit:

-
-
-
-
-
-

MANMAN

77 Grand'rue, Léogâne, Haïti

Delmas 19 #8, Port-au-Prince Haïti
(Lokal R&C Plaza)
509 44 30 8285

